

## ANEKS 3

### Sou Ògann Kontwòl Tranzisyon an

**Atik 1.-** Biwo Suivi a kreye yon ògann ki pou kontwole egzekitif la; li rele Ògann Kontwòl Tranzisyon an (OKT). Misyon li se :

- \* Siveye kouman gouvènman tranzisyon ap ekzekite manda l ;
- \* Kontwole aksyon gouvènman an;
- \* Veye pou lwa yo ak etik respekte nan jesyon zafè leta;
- \* Kontwole pou pouvwa ekzekitif la mete revandikasyon pèp la anvan.

**Atik 2.-** Biwo Swivi a resevwa non manm OKT a. OKT a genyen 63 manm :

- a) Senkantwa (43) manm Konsèy Nasyonal Tranzisyon an;
- b) Ven (20) manm, ladan yo de (2) ki chwazi pa Tab konsètasyon yo, nan konsiltasyon ak òganizasyon lokal nan sosyete sivil la pou chak nan 9 deptaman jeyografik yo, anwetan lwès ; epi de (2) pa sektè òganize nan dyaspora ayisyèn nan. Sektè òganize yo ap deziye manm OKT yo sou baz transparans ak patisipasyon.

**Atik 3.-** Pou moun vin manm KNT a fòk li :

- 1) Ayisyèn osnon Ayisyen
- 2) Genyen 30 lane omwens ;
- 3) Jwi tout dwa sitwayen ak dwa politik li yo, epi pou li pat janm kondane pou krim ak lòt enfraksyon dwa komen ;
- 4) Pat janm resevwa sanksyon legal pou frod oswa koripsyon ;
- 5) Respekte tout sa lalwa mande nan zafè peye taks pandan senk (5) dènye lane yo ;
- 6) Pa te janm gen men tranpe nan krim san oswa krim finansye .

**Atik 4.-** OKT ap travay nan yon pati lokal Palman an ; lap benefisye nan tout sa ki rezonab, ak yon pòsyon nan soutyen administratif ak lojistik Palman an. Bidjè fonksyonman OKT a ap antre nan bidjè repiblik la. Manm OKT a pap gen okenn privilèj ki pa nan bidjè li.

**Atik 5.-** OKT a ap syeje an pèmanans men li kapab sispann travay pou yon ti tan. Nan ka sa a lap kite yon komite pèmanan ki pou ekspedye afèkourant. Komite sa a pa ka pran okenn arete sòf pou li konvoke OKT a.

Si gen ijans, Ekzekitif la kapab konvoke OKT a anvan lè li te genyen pou reprann travay li.

**Atik 6 .-** Ògann Kontwòl Tranzisyon an genyen responsablite pou :

- 1) Ratifye dreke pouvwa ekzekitif la pran ;
- 2) Patisipe nan fòmasyon Konsey Elektoral la jan atik ki nan Akò sa a di sa ;

3) Resevwa, nan komansman chak trimès, bilan aktivite gouvenman an pou trimès anteryè a ;

Pandan peryòd tranzisyon an pouvwa ekzekitif la genyen pou li rann kont bay Ògann Kontwòl Tranzisyon an (OKT). Manda manm OKT yo ap fini lè palmantè eli yo fin enstale.

**Atik 7.-** Ògann Kontwòl Tranzisyon an ap eli yon Prezidan/Prezidan, yon Visprezidan/prezidan, yon Premye ak yon Dezyèm sekretè. Se Prezidan/Prezidan lan ki dirije Ògann Kontwòl la ansanm ak asistan li ki se visprezidan/prezidan lan epi Premye sekretè a.

**Atik 8.-** Si Prezidan an pa kapab la, Se Visprezidan/prezidan lan ki pou prezide Ògann Kontwòl Tranzisyon an ak asistans sekretè yo.

**Atik 9.-** Seyans OKT yo piblik. Sèlman, yo kapab fèt ak pòt femen si genyen dis (10) manm ki mande sa. Apre sa yo va deside ak majorite absolè si seyans la ap reprann piblikman.

**Atik 10.-** Si genyen ijans, le OKT a pa an sesyon, pouvwa ekzekitif la kapab konvoke li alekstraòdinè.

**Atik 11.-** OKT a pa kapab syeje oswa pran okenn desizyon ak rezolisyon si majorite manm yo pa prezan.

**Atik 12.-** Syèj OKT a se Pòtoprens. Sèlman, selon sikonstans yo, syèj la kapab transfere nan menm kote epi menm lè ak pouvwa ekzekitif la.

#### **SOU EKZESIS POUVWA OGANN KONTWOL TRANZISYON AN**

**Atik 13.-** Le OKT a konvoke alekstraòdinè li pa kapab deside sou okenn sijè ki pat nan konvokasyon an. Sèlman, nenpòt ki manm gen dwa diskite sou kesyon enterè jeneral.

**Atik 14.-** Manm OKT a pwononse sèman sa a : « Mwen sèman map ranpli tach mwen, map kenbe epi map pwoteje dwa Pèp la epi map fidèl ak Konstitisyon an. »

**Atik 15.-** Se pouvwa ekzekitif la ki gen inisyativ pou fè bidjè a. Men se Konsèy Elektoral la ki fè bidjè pa li nan konsiltasyon ak pouvwa ekzekitif la anvan li soumèt li bay Ògann Kontwòl la. Se Ògann Kontwòl la ki pou vote pwojè dekrè yo.

**Atik 16.-** OKT a pa janm kapab disoud ni yo pa ka voye l ale. Pa kapab gen pwolongasyon manda manm li yo.

**Atik 17.-** Selon règleman li yo OKT a ap nonmen pèsonèl li, l ap fikse disiplin li epi l ap deside kijan l ap fè travay li.

**Atik 18.-** OKT a gen dwa aplike mezi disiplin ak manm li yo si yo ta fè sak pa sa. Mezi sa yo ap pran sou baz majorite 2/3.

**Atik 19.-** Nenpòt ki manm OKT a ki ta kondane pa yon tribinal dwa komen ki fin jije li ap pèdi plas li kom manm.

**Atik 20.-** Manm OKT a gen iminite depi yo fin prete seman jis manda yo bout, anwetan dispozisyon ki nan atik 21 an.

**Atik 21.-** Yo pa kapab pouswiv manm OKT yo ni atake yo pou opiyon yo oswa vòt yo pandan yo an fonksyon.

**Atik 22.-**OKT a kapab otorize pou yo arete yon manm li pandan li an fonksyon pou yon krim, yon enfraksyon règleman ak lalwa osnon yon deli dwa komen. Otorizasyon an pa nesesè pou ka flagran deli nan fòt grav ki mande sanksyon enfaman. Lè sa a yap notifie OKT a san pèdi tan.

**Atik 23-** OKT a gen dwa pou li ankete sou kesyon yo pote ba li

**Atik 24.-** Tout pwoje dekrè fèt pou vote yon atik apre lòt.

**Atik 25.-** Yo kapab retire nenpòt ki dekrè ki an diskisyon depi li poko fin vote.

**Atik 26.-** Depi OKT a fin vote yon dekrè li dwe voye l bay Prezidan Tranzisyon an san pèdi tan. Prezidan an gen dwa fè objeksyon sou moso osnon sou tout dekrè a anvan li pibliye li ofisyèlman.

**Atik 27.-** Si OKT a vote dekrè amande a lap tounen voye l bay Prezidan an pou piblikasyon ofisyèl.

**Atik 28.-** Si OKT a rejete objeksyon yo, lap tounen voye dekrè a bay Prezidan repiblik la. Lè sa a lap oblije pibliye l ofisyèlman.

**Atik 29.-** OKT a rejete yon dekrè ak vòt majorite manm li yo. Nan ka sa yo vòt la ap fèt an sekre.

**Atik 30 –** Prezidan an genyen wit (8) jou fran pou fè objeksyon apati dat li resevwa dekrè a.

**Atik 31 -** Si Prezidan an pa fe okenn objeksyon nan delè ki fikse a, fòk dekrè a pibliye.

**Atik 32 –** Dekrè ak tout lòt ak OKT a genyen pou ekzekite depi yo pibliye nan Journal Ofisyèl Repiblik la.

**Atik 33.-** Yap nimewote, enskri nan bilten enprime ki nimewote ki rele BILTEN LWA AK AK.

**Atik 34.-** Dekrè a ap pote dat jou OKT a te adopte li definitivman.

**Atik 35.-** Pèsonn pa gen dwa prezante petisyon pesonèl nan tribin OKT a.

**Atik 36.-** Entèpretasyon lwa ak dekrè yo se pouvwa OKT a sèlman ; li fèt sou fòm yon dekrè.

**Atik 37.-** Chak manm OKT a ap resevwa yon sale ki pi piti pase sa ansyen eli yo te konn resevwa, depi li fin prete seman.

**Atik 38.-** Manm OKT a pa gen dwa genyen okenn lòt pòs anndan leta a, anwetan pòs anseyan.

**Atik 39.-** Nenpòt ki manm OKT a gen dwa pou li entèpele yon manm osnon tout gouvènman an sou sa Administrasyon an ap fè.

**Atik 40.-** Fòk se senk (5) manm OKT a ki sipòte entèpelasyon an. Entèpelasyon an kapab fini pa yon vòt blam oswa yon vòt konfyans sou baz yon vòt majorite.

**Atik 41.-** Lè demand entèpelasyon an abouti ak yon vòt blam sou yon kesyon ki konsène pwogram oswa deklarasyon politik jeneral gouvènman an, Pwemye minis lan dwe remèt demisyon li bay Prezidan Repiblik la.

**Atik 42.-**Prezidan an dwe aksepte demisyon an epi konvoke Konsèy Nasyonal Tranzisyon an pou li chwazi yon nouvo Pwemye Minis, jan Akò a di sa.

**Atik 43.**-OKT a pa kapab pran plis pase yon vòt blam pa ane sou sa ki regade pwogram oswa deklarasyon politik jeneral gouvènman an.

#### **SOU ENKONPATIBLITE YO**

**Atik 44.**- Moun sila yo pa kapab manm OKT a :

- 1) Konsesyonè osnon moun ki gen kontra ak leta pou explwate yon sèvis piblik;
- 2) Reprèzantan osnon mandate konsesyonè Leta, konpayi osnon sosyete konsesyonè Leta a;
- 3) Ansyen ak aktyèl delege, visdelege, jij, ofisyè Ministè piblik ki toujou an fonksyon sis (6) mwa anvan dat ki fikse pou eleksyon yo;
- 4) Ansyen ak aktyèl manm pouvwa ekzekitif la ak direkte jeneral nan Administrasyon piblik la;
- 5) Tout lòt moun ki trouve yo nan ka inelijibilite ki prevwa nan Akò a.